

## Lisans Sipèvizyon: Sa Vandè Manje Anbilan yo Dwe Konnen

Yon nouvo lwa lokal chanje fason vandè manje anbilan yo kapab jwenn yon pèmi vandè manje anbilan (mobile food vending, MFV) ki dire tout ane a (dire konplè) epi li ogmante kantite pèmi yo rive 4,450 jiska 2032. Espesyalman, nouvo lwa a:

- Kreye yon nouvo kalite lisans MFV ki rele lisans sipèvizyon. Yon lisans sipèvizyon pèmèt vandè yo aplike pou yon pèmi. Genyen de (2) kalite lisans sipèvizyon: yon lisans pou tout vil la epi yon lisans pou tout minisipalite Vil New York, (New York City, NYC) sof Manhattan (lisans ki pa pou Manhattan).
- Li egzije Depatman Sante ak Ijyèn Mantal NYC a (Depatman Sante a) ofri kantite aplikasyon sa yo chak ane jiska 2032:
  - 100 aplikasyon pou lisans sipèvizyon pou tout vil la.
  - 300 aplikasyon pou lisans sipèvizyon ki pa pou Manhattan.
  - 45 aplikasyon pou lisans sipèvizyon pou tout vil la pou moun ki gen andikap yo ak ansyen konbatan ameriken yo.
- Li mande pou yon inite lisans sipèvizyon otorize genyen yon moun ki gen lisans sipèvizyon k ap travay sou sit la chak fwa inite a ap fonksyone.

Chanjman sa yo pa aplikab pou inite MFV ki gen yon pèmi tanporè (sezonye), pèmi Green Cart oswa pèmi pou zòn ki gen restriksyon. Yon pèmi sipèvizyon pa obligatwa pou inite sa yo.

Si ou gen yon pèmi pou tout vil la oswa yon pèmi pou yon minisipalite espesifik yo te ba ou anvan 1ye jiyè 2022, inite w la p ap bezwen yon moun ki gen lisans sipèvizyon jiska 1ye jiyè 2032. Depatman Sante ap pibliye règ sou egzijans sa a pi devan.

Si ou te sou yon lis datant pou w jwenn yon pèmi dire konplè, pèmi pou tout vil la oswa pèmi pou yon minisipalite espesifik, yo ap ajoute w sou yon lis datant pou lisans sipèvizyon. Ansyen lis datant pou pèmi sa yo fèmen kounye a.

### **Kisa mwen dwe konnen sou lisans sipèvizyon yo?**

Se sèlman yon sèl moun yo kapab bay yon lisans sipèvizyon. Yon vandè kapab aplike pou yon pèmi dire konplè pou zòn yo endike sou lisans sipèvizyon li an. Yon vandè kapab aplike nenpòt lè apre li fin resevwa lisans sipèvizyon li an (depi lisans lan aktif). Yon moun ki gen yon lisans sipèvizyon kapab vann sou menm tip inite yo antanke yon moun ki gen lisans vandè manje anbilan.

- Si ou genyen yon lisans sipèvizyon pou tout vil la, ou ka travay antanke moun ki gen lisans sipèvizyon sou nenpòt inite yon lisans sipèvizyon otorize. Si ou genyen yon lisans sipèvizyon ki pa pou Manhattan, ou ka travay antanke moun ki gen lisans sipèvizyon sou nenpòt inite yon lisans sipèvizyon otorize deyò Manhattan.
- Si lisans sipèvizyon ou an ekspire, ou ap pèdi lisans sipèvizyon ou an ak dwa ou genyen pou jwenn yon pèmi pou lisans sipèvizyon. Ou ka vin genyen yon lisans vandè manje anbilan ankò nenpòt lè apres.

- Si ou refize lisans sipèvizyon an, ou kapab kenbe lisans vandè manje anbilan w lan epi travay sou nenpòt inite MFV (tankou yon inite pèmi sipèvizyon otorize, si gen yon moun ki gen inite sipèvizyon ki prezan).

### **Kijan mwen kapab jwenn yon lisans sipèvizyon?**

Lalwa limite kantite lisans sipèvizyon pou yo bay. Fòk ou sou yon lis datant epi pou tann pou yo rive sou nimewo plas ou a pou w jwenn yon aplikasyon pou lisans sipèvizyon. Depatman Sante ap kreye lis datant yo pou:

- Yon lisans sipèvizyon pou tout vil la.
- Yon lisans sipèvizyon pou moun itilize nan tout minisipalite NYC yo sof Manhattan (ki pa pou Manhattan).
- Yon lisans sipèvizyon pou tout vil la pou moun ki gen andikap yo ak ansyen konbatan ameriken yo.

Depatman Sante ap louvri lis datant pou lisans sipèvizyon ki pa pou Manhattan lan nan sezon otòn 2022 pou:

- Vandè ki te sou yon lis datant pou yon pèmi dire konplè, yon pèmi pou tout vil la oswa yon pèmi ki espesifik pou minisipalite.
- Vandè ki kontinye genyen yon lisans MFV depi 1ye mas 2017, oswa pi lontan.

Depatman Sante ap voye yon aplikasyon bay vandè sa yo pou yo chwazi yon lis datant. Chak vandè ap genyen 30 jou pou yo chwazi yon lis datant. Yo ap mete lis datant yo nan lòd selon lwa lokal la. Vandè ki alafwa sou yon lis datant pou jwenn yon pèmi dire konplè epi ki kontinye genyen yon lisans vandè manje anbilan depi 1ye mas 2017, oswa pi lontan genyen priyorite.

Lis datant pou lisans sipèvizyon pou tout vil la pou ansyen konbatan ameriken yo ak moun ki gen andikap yo ap louvri an 2023. Yo ap fè vandè ki gen lisans yo konnen lè peryòd aplikasyon pou lis datant lan louvri.

### **Kisa ki rive lè mwen sou yon lis datant pou lisans sipèvizyon?**

Yo ap enfòmè vandè yo pa lapòs sou plas yo okipe sou lis datant pou lisans sipèvizyon an. Pou w wè nimewo plas ou sou lis datant lan ak nimewo plas aktyèl ou rive ladan pou chak lis datant, ale sou **[nyc.gov/health/mobilefood](https://nyc.gov/health/mobilefood)**. Lè yo rive sou nimewo plas ou a, Depatman Sante ap voye ba ou yon aplikasyon pou lisans sipèvizyon pa lapòs. Ou ap genyen 90 jou pou w soumèt aplikasyon w lan.

Yo ap voye tout enfòmasyon sou lisans ak pèmi sipèvizyon nan adrès postal ki nan dosye a. Ou kapab mete adrès postal ou an ajou lè ou voye yon imèl ki gen ladan l nimewo lisans oswa pèmi w lan nan **[onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov](mailto:onlineappsdocs@dcwp.nyc.gov)**, oswa lè ou pran randevou pou w vizite Citywide Licensing Center (Sant ki Bay Lisans nan Tout Vil la) nan Manhattan (42 Broadway, Fifth Floor) oswa Queens (90-27 Sutphin Blvd., Fourth Floor) lè w rele nan 212-436-0441.

Ou pa bezwen peye pou premye lisans sipèvizyon yo ba ou an. Nouvo lisans sipèvizyon ou an ap genyen menm dat ekspirasyon ak lisans vandè manje anbilan ou genyen kounye a. Sa ap koute w \$438 pou renouvle lisans sipèvizyon ou an pou de (2) lane.

Depi ou fin resevwa lisans sipèvizyon ou an, yo ap voye yon aplikasyon pèmi ba ou pa lapòs. Pa gen okenn dat limit pou w soumèt aplikasyon pou lisans sipèvizyon ou an.

Chak vandè kapab sèlman jwenn yon pèmi. Si ou deja gen yon pèmi epi ou ap chanje pou yon pèmi lisans sipèvizyon, ou genyen 270 jou apre yo fin ba ou lisans sipèvizyon w lan oswa jiskaske pèmi aktyèl ou a ekspire, nenpòt sa ki rive anvan, pou w remèt pèmi aktyèl ou an. Sa pa aplikab pou pèmi pou zòn ki gen restriksyon yo.